

# BAB I BUBUKA

## 1.1. Kasang Tukang Panalungtikan

Sastra mangrupa prosés kreatif manusa anu ngawujud dina wangun karya sastra. Saperti nu ditétélakeun ku Damono (1978, kc. 3) yén sastra téh mangrupa hiji lembaga sosial nu ngagunakeun basa salaku médium ciptana. Nurutkeun Iskandarwassid (1996, kc. 135) sastra téh mangrupa karya seni anu digelarkeunana ngagunakeun alat basa. Cindekna mah sastra téh mangrupa salah sahiji karya anu ngagunakeun alat basa nu eusina mangrupa ébréhan atawa éksprési ti pangarangna. Karya sastra miboga peran salaku salah sahiji pakakas atikan anu kudu dimangpaatkeun pikeun ngabentuk sarta ngembangkeun kapribadian. Karya sastra teu ukur nampilkeun unsur éstétika hungkul, tapi ogé nampilkeun unsur moral dina kahirupan. Salah sahiji karya sastra anu ngandung unsur moral nyaéta naskah drama.

Drama mangrupa karya sastra nu nyuguhkeun carita atawa lakon dina wangun dialog, anu dipintonkeun ogé dilakomkeun ku aktor dina pagelaran drama. ((Isnendes, 2010, kc. 75). Lian ti éta, nurutkeun Wijaya (2007, kc. 1) nétélakeun yén drama mangrupa dialog dina wangun puisi atawa prosa ku katerangan laku. Pangarang naskah drama ogé loba ngadaptasi sababaraha kajadian nu karandapan ku manusa sapopoéna. Cindekna, drama nyaéta salah sahiji jenis karya sastra anu dijerona miboga dialog, paripolah, sarta carita kahirupan anu dipintonkeun dihareupeun jalma réa. Drama atawa naskah drama ngandung struktur pangwangunna.

Maca atawa ngaprésiasi karya sastra mangrupa novél, sajak, carpon, atawa drama mangrupa kagiatan ngahibur, ngaaprésiasi, sarta ngajén karya sastra anu tokoh fiksina nuduhkeun watek jeung perilaku atawa paripolah anu aya pakaitna jeung bener atawa salahna, hadé atawa goréngna, baé atawa henteuna, sarta ajén moral anu dialaman ku manusa dina kahirupan sabenerna. Ku kituna, pikeun nganalisis karya sastra bisa ngagunakeun pamarekan ajén moral. Dina prak-prakanna sastra jeung moral miboga peran nu kawilang penting dina kahirupan.

Karya sastra teu leupas ti ajén-inajén anu ditepikeunna, antarana ajén moral, ajén atikan, ajén budaya, ajén réligi atawa agama, jsb. Kitu deui dina drama, tangtuna ngandung ajén inajén. Lantaran dina drama pasualan kahirupan manusa moal jauh dipedar tina aspék-aspék sosial masarakat, katut pasualan-pasualan nu aya di lingkunganna. Hartina paripolah manusa nu aya disatukangeun drama tangtu ngandung ajén-inajén anu luhung, anu perlu diconto, salah sahijina nyaéta ajén moral.

Ajén moral perlu dilarapkeun nalika budak kénéh dina pakumbuhan sapopoé, boh lingkup kulawarga nu pungsina pikeun cecekelan atawa dadasar pikeun kahirupan, boh di masarakat pikeun interaksi jeung papada manusa. Ajén moral teu ukur dilarapkeun di lingkungan kaluwarga wungkul, tapi ajén moral kudu ogé dilarapkeun di saluareun kulawarga misalna di sakola, sabab dina kahirupan sapopoé manusa moal bisa leupas dina moral. Moral téh hal penting pikeun kahirupan, ku sabab moral mangrupa hal anu aya patalina jeung ajén susila. Moral mangrupa pedoman pikeun manusa milampah atawa migawé hiji hal sangkan manusa apal kumaha nu kuduna dipilampah jeung mana nu kuduna disingkahan.

Pikeun nalungtik naskah drama nu leuwih teleb, perlu ogé dipaluruh heula struktur pangwangun éta rumpaka. Nurutkeun Nurgiyantoro (2012, kc. 36) kajian struktural mangrupa salah sahiji pamarekan kasusastraan anu museur kana kajian hubungan antar unsur pangwangun karya sastra. Dina sababaraha pamadegan ngeunaan strukturalisme, bisa dicindekkeun yén karya sastra téh miboga struktur nu ngawangun carita. Ku kituna, dina ieu panalungtikan dipedar struktur carita naskah drama dumasar kana pamarekan nurutkeun Stanton (2007, kc 22-27) dintarana téma, fakta carita nu ngawengku galur; tokoh atawa karakter; jeung latar. Sarta sarana sastra anu ngawengku judul; sudut pandang; gaya jeung *tone*; simbolisme; jeung ironi. Lian ti struktur caritana, tangtuna kudu ditalungtik ogé struktur pangwangun naskah dramana anu dina ieu panalungtikan nyoko kana struktur naskah drama nurutkeun pamadegan Sumardjo jeung Saini K.M dina Isnendes (2018, kc. 28) anu nétélakeun yèn drama tèh unsur-unsurna ngawengku: prolog, dialog (wawancang jeung kramagung), babak, adegan, solilokui, aside, jeung epilog.

Masarakat hususna nu resep seni drama kudu apal naon waé struktur nu aya dina naskah drama, lian ti éta masarakat ogé tangtuna kudu apal naon ajén-ajén nu aya dina naskah drama salah sahijina ajén moral. Sabab dina nyusun naskah drama tangtuna urang kudu apal naon waé strukturna, ogé sangkan naskah nu ditulis bisa ditarima sarta dinikmati ku masarakat tangtuna naskah éta kudu miboga ajén-ajén nu matak naskah éta teu saukur kumpulan dialog tapi sangkan aya amanah nu bisa ditepikeun ka masarakat nu maca. Ku kituna, masalah nu katempo nyaéta rata-rata masarakat ngan saukur maké karya sastra salaku kanikmatan wungkul teu hayang apal naon waé struktur jeung ajén nu nyampak.

Tujuan dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngaidéntifikasi struktur carita anu ngawengku fakta carita jeung sarana sastra, struktur naskah drama, sarta ngaguar ajén

moral anu nyampak dina naskah drama utamana dina naskah drama *Panti Jompo* karya Hidayat Suryalaga.

Naskah drama *Panti Jompo* ieu miboga kaonjoyan ti babaraha aspék pikeun panalungtikan nyaéta kaonjoyann tina segi basana, ieu naskah miboga basa anu gampang kaharti ku nu maca atawa nongton, lantaran ngagunakeun basa anu biasa dipaké ku masarakat dina kahirupan sapopoé atawa disebut ogé loma. Dina segi kabudayaan, ieu naskah ngajéntrékeun sababaraha ajén moral anu katémbong dina diri urang Sunda, saperti ayana sikep silih asih, silih asah, silih asuh nu hartina urang Sunda kudu miboga sikep silih pikanyaah (silih asih), silih ngabenerkeun jeung bebenahkeun (silih asah), sarta silih ngajaga (silih asuh). Kaonjoyan salajengna dina segi sastrana, ieu naskah miboga babaraha struktur nu ngawangun caritana, teu ukur dijieun tapi ieu naskah gé miboga babaraha ajén nu bisa ditalungtik hususna ajén moral anu aya patalina jeung panalungtikan ieu. Nu pamungkas dina aspék atikan, ieu naskah kawilang penting pikeun nu narima. lain ngan pikeun siswa naskah ieu gé sarua pentingna pikeun jalma anu geus boga kawajiban salaku budak ogé sakaligus salaku kolot. sabab naskah ieu ngandung pangajaran anu meureun di jaman ayeuna jalma-jalma geus henteu paduli deui.

Panalungtikan ngeunaan ajén moral mémang geus réa, diantaranya nyaéta “Ajén Moral dina Naskah Drama *Cucunguk* karya Yosef Iskandar ku Hendi Perdiansyah taun 2007” aya ogé “Ajén Moral jeung Psikologi Perkembangan Rumaja dina Novélét *Jamparing* karya Chye Retty Isnendes pikeun Bahan Pangajaran Nyarita di SMP kelas IX ku Indah Purnama Cahyanu taun 2013” aya “*Nilai Moral dalam Naskah Drama Cipoa Karya Putu Wijaya dan Implikasinya Terhadap Pembelajaran Bahasa dan Sastra Indonesia di SMA* ku Riadhi, S. D. taun 2018” tuluy aya “Ajén Moral dina Kumpulan Carpon Paguneman jeung Fir’aon karya Usép Romli H. M. pikeun Bahan Pangajaran Maca Carpon di SMP Kelas VIII (Ulikan Struktural) ku Sudrajat, A. K. taun 2016” jeung aya ogé “Ajén Moral dina Naskah Drama *Pundén-Pundén Nu Rarempag* karya R. Hidayat Suryalaga ku Dwi Zahra Fitri taun 2013”. Sanajan judul anu ditalungtik sarua ngeunaan ajén moral tapi nu ngabédakeun dina ieu panalungtikan, nyaéta dina objék anu ditalungtikna.

Téori ngeunaan ajén moral aya babaraha pamadegan, salah sahijina téori nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta teori nurutkeun Bértens anu nyebutkeun yén ajén moral bisa ditingal ti cirina nyaéta ajén moral nu patali jeung babaraha hal saperti

tanggung jawab, nurani, ajén moral anu sipatna ngawajibkeun, jeung anu sipatna formal.

Dumasar pedaran di luhur, ajén moral dina naskah drama téh kawilang penting pikeun ditalungtik, kalawan tujuan méré kontribusi ka masarakat ngeunaan ajén moral nu dimaksud. Ku kituna, judul ieu panalungtikan nyaéta “*Struktur jeung Ajén Moral dina Naskah Drama “Panti Jompo” karya Hidayat Suryalaga*”.

### **1.2. Rumusan Masalah**

Dumasar kana idéntifikasi masalah di luhur, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun saperti di handap ieu.

- a. Kumaha struktur carita “Panti Jompo” karya Hidayat Suryalaga?
- b. Kumaha struktur naskah drama “Panti Jompo” karya Hidayat Suryalaga?
- c. Ajén moral naon waé anu aya dina naskah drama “Panti Jompo” karya Hidayat Suryalaga?

### **1.3. Tujuan Panalungtikan**

Luyu jeung rumusan masalah anu dipedar di luhur, ieu panalungtikan miboga tujuan anu baris dihotal, nu dibagi kana tujuan umum jeung tujuan husus.

#### **1.3.1. Tujuan Umum**

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngaidéntifikasi jeung ngaguar ajén moral anu nyampak dina naskah drama *Panti Jompo* karya Hidayat Suryalaga.

#### **1.3.2. Tujuan Husus**

Tujuan husus dina ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun jeung nganalisis.

- a. Struktur carita anu ngawengku dina naskah drama “Panti Jompo” karya Hidayat Suryalaga.
- b. Struktur naskah drama anu ngawengku dina naskah drama “Panti Jompo” karya Hidayat Suryalaga.
- c. Ajén moral anu nyampak dina naskah drama “Panti Jompo” karya Hidayat Suryalaga.

## **1.4.Mangpaat Panalungtikan**

Mangpaat anu dipiharep tina ieu panalungtikan téh di antarana mangpaat nu sipatna téoritis jeung nu sipatna praktis.

### **1.4.1.Mangpaat Tioritis**

Sacara téoritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngamekarkeun pangaweruh ngeunaan sastra Sunda, utamana dina mekarkeun pangaweruh ngeunaan naskah drama, strukturna jeung ajén moralna, hususna nu aya dina naskah drama karya Hidayat Suryalaga.

### **1.4.2.Mangpaat Praktis**

Sacara praktis, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat.

- a. Pikeun panalungtik, bisa nambahan pangaweruh ogé wawasan ngeunaan pamahaman kajian sastra hususna ngeunaan ajén moral dina naskah drama, sarta dipiharep bisa jadi babanding jeung conto dina ngalakukeun panalungtikan salajengna.
- b. Pikeun guru, ieu panalungtikan dipiharep bisa nambah wawasan sarta pamahaman édukasi moral sangkan bisa digunakeun dina kagiatan pangajaran.
- c. Pikeun masarakat, bisa nambahan pangaweruh yén karya sastra téh teu ngan saukur méré hiburan tapi ogé méré pangaweruh hususna ngeunaan ajén moral anu nyampak dina éta drama.

## **1.5.Raraga Tulisan**

Bab I Bubuka, eusina medar kasang tukang, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, eusina medar ngeunaan tiori sastra, drama, struktural, ajén moral, jeung panalungtikan saméméhna.

Bab III Méthode Panalungtikan, ngaguar ngeunaan désain panalungtikan, sumber data panalungtikan, instrument panalungtukann, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik analisis data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran. Dina ieu bab dijéntrékeun ngeunaan analisis struktur jeun ajén moral dina naskah “Panti Jompo” karya Hidayat Suryalaga.